**O`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI JOQARI HA`M ORTA ARNAWLI BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**TAShKENT MA`MLEKETLIK AGRAR UNIVERSITETI**

**NO`KIS FILIALI**

**ZOOTEXNIYA FAKUL`TETI**

**«Ekonomika ha`m awil xojalig`in basqariw» kafedrasi**

# «Investitsiyalaw ha`m joybarliq analiz»

**pa`ninen**

# *KURS JUMISI*

## Tema: Ekonomikanı turaqlılastırıw mashqalaları


Orinlag`an: 3 fermer xojalig`in basqariw qa`nigeligi studenti Seytnazarov P

Qabillag`an: Turebekov A.


**No`kis 2016-j.**

**Ekonomikanı turaqlılastırıw mashqalaları**

**Mazmuni:**

**1. Kirisiw________________________________________________________3**

**2. Tiykarg'ı bo'lim**

**2.1. Finanstın' ekonomikalıq mazmunı ha'm ekonomika rawajlanıwındag'ı a'hmiyeti__________________________________________________________5**

**2.2. Finans resursları – ekonomikanı turaqlılastırıw usılı retinde_______________8**

**2.3. Jergilikli ekonomika rawajlanıwına jergilikli finanstın' ta'siri_____________14**

**2.4. Jergilikli byudjetlerdin' da'ramatları ha'm qa'rejetleri quramı____________17**

**3. Juwmaqlaw______________________________________________________20**

**4. Paydalanilg`an a`debiyatlar dizimi____________________________________22**

## Kirisiw

O’zbekstan Respublikasının’ bazar ekonomikasına o’tiw ha’m g’a’rezsiz respublika bolıwı mu’na’sibeti menen ha’zirgi waqıtta jergilikli byudjet da’ramatlarının’ sho’lkemlestiriliwinde huqıqıy tiykarları respublikamız sha’rayatında sa’ykeslestirip o’zgerttiriledi. Bul O’zbekstan Respublikası Oliy Majlisi ta’repinen qabıl qılıng’an nızamlarda o’z sa’wleleniwin tabadı.

Rawajlang’an ma’mleketlerdin’ ekonomikalıq rawajlanıw tariyxına na’zer taslaytug’ın bolsaq, ma’mleketler bazar ekonomikasına o’tiwde jergilikli finansının’ sotsial-ekonomikalıq rawajlandırıwdag’ı roli ja’ne de artpaqta. Usı na’rseni atap o’tiwimiz za’ru’r bolg’anınday, respublikamızda sotsiallıq ha’m ekonomikalıq reformalar ja’ne de teren’lesip atırg’an sha’rayatta sotsiallıq turmıstın’ ba’rshe tarawlarında bolg’anı sıyaqlı jergilikli finans tarawında da teren’ o’zgerttiriwlerdi a’melge asırıw ha’zirgi ku’nnin’ tiykarg’ı talabı bolıp tabıladı. Bunın’ ushın bolsa O’zbekstan Respublikası Prezidenti İ. A. Karimov atap o’tkenindey: «Jergilikli finanstın’ qa’rejetleri, ha’m olardın’ quramı usınday sho’lkemlestiriliwi kerek bolıp tabıladı, olar ekonomikanın’ ba’rshe shaqapshalarına ha’r ta’repleme ko’mek beriwi kerek».

Finans tarawında alıp barılıp atırg’an o’zgerisler regionlar finansının’ da’ramatları qa’liplesiwi ha’m qa’rejetlerinen ja’ne de na’tiyjeli paydalanıw, is haqı ha’m napaqalardı o’z waqtında to’lewdi ta’miynlew ha’m usı menen bir qatarda jergilikli byudjetleri qarjılarınan paydalanıw protsessinde byudjet intizamına a’mel qılıw, jergilikli byudjetlerinin’ ma’mlekettin’ sotsial-ekonomikalıq rawajlanıwındag’ı tutqan ornın asırıw ma’seleleri turadı.

Usınday eken, usı mashqalanı sheshiw aktual ma’sele bolıp kelgen ha’m ha’zirgi sha’rayatta da aktuallıg’ınsha qalmaqta.

Jergilikli finans tarawında qararlar qabıl qılıw informatsiyalar kompleksine tiykarlanadı. Qarar qabıl qılıw paytında da, qarardın’ orınlanıwın qadag’alaw protsessinde de informatsiyanı analizden o’tkiziw za’ru’r. İnformatsiya operativ ha’m statistikalıq esabatlarda, sha’rtnama ha’m pitimlerde, esap-kitap hu’jjetlerinde ha’m tag’ı basqalarda sa’wlelenedi.

Jergilikli finans ma’mleket ha’m jergilikli wazıypaların sheshiw maqsetlerine izbe-iz bag’darlanadı.

Bu’gingi ku’nde O’zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin’ arnawlı qararları menen tastıyıqlang’an «Kem ta’miyinlengen semyalardı esapqa alıw, olarg’a materiallıq ja’rdem tayarlaw ha’m to’lew ta’rtibi tuwrısında»g’ı, «Er jetpegen balaları bolg’an semyalarg’a napaqalar tayarlaw ha’m to’lew tuwrısında»g’ı ja’ne de «İslemeytug’ın analarg’a bala eki jasqa jetkenge deyin onı o’sirgenligi ushın aylıq napaqa tayarlaw ha’m to’lew ta’rtibi tuwrısında»g’ı nızamlar tiykarında puqaralardın’ o’zin-o’zi basqarıw organları ta’repinen tiyisli jumıslar a’melge asırıp kelinbekte.

Sonday-aq, respublikamız bazar ekonomikasına o’tip atırg’an ha’m oraylaspag’an finanslıq qatnasıqlarg’a basqıshpa-basqısh o’tilip atırg’an bir payıtta puqaralardın’ o’zin-o’zi basqarıw organlarının’ finanslıq wa’kalatların ken’eyttiriw za’ru’r a’hmiyetke iye bolıp tabıladı.

Ulıwma alg’anda, puqaralardın’ o’zin-o’zi basqarıw organları wa’kalatına qosımsha finanslıq qatnasıqlardı belgilew, aldın-ala, jergilikli byudjetler da’ramatları imkaniyatın ken’eyttiriwge, salıq ha’m jıyımlardın’ o’z waqtında o’ndiriliwin ta’miynlewge xızmet qıladı, ja’ne de oraylaspag’an finanslıq qatnasıqlar basqıshı sıpatında za’ru’r a’hmiyetke iye bolıp tabıladı. Bul barada to’mendegi usınıslar bar:

- jergilikli byudjetlerdi bekkemlewde puqaralardın’ o’zin-o’zi basqarıw organları wa’kalatlarına ayırım salıq jıyımlardı o’ndiriw wazıypasın kiritiw;

- puqaralardın’ o’zin-o’zi basqarıw organları, yag’nıy aymaqlarda qarawsız bos jatqan imaratlar, ja’ne bos jerler tag’ı da qurılısı pitpegen o’z halına taslap qoyılg’an tu’rli obektlerden paydalanıwdı jolg’a qoyıw;

- puqaralardın’ o’zin-o’zi basqarıw organlarının’ bu’gingi ku’nde berilgen wa’kalatların ken’eyttiriw, yag’nıy olardın’ aymaq byudjetleri da’ramatların qa’liplestiriwdegi rolin ku’sheyttiriw. Sonın’ ishinde, puqaralardın’ o’zin-o’zi basqarıw organları jaylasqan aymaqtı onın’ ma’mleket ta’repinen ijarag’a berilgen mu’lki sıpatında belgilew.

### 2.1. Finanstın' ekonomikalıq mazmunı ha'm ekonomika rawajlanıwındag'ı a'hmiyeti

Jergilikli finanslar – bul real pul aylanısında finanslıq resurslardın' oraylastırılg'an fondların sho'lkemlestiriw, bo'listiriw ha'm olardan paydalanıw ju'zesinen ju'zege keletug'ın ekonomikalıq qatnasıqlar kompleksi bolıp tabıladı.

Finans materiallıq negizdi pul aylanısı quraydı. Real pul aylanıs – bul qundı ha'reketke keltiretug'ın, pul to'lewleri ha'm esap-kitapları ag'ımları ko'rinisinde keshetug'ın ekonomikalıq protsess. Ken'eyttirilgen qayta o'ndiriwdi finanslastırıw derekleri esaplang'an finans resursları pul aylanısının' obekti bolıp tabıladı.

Jergilikli finans ekonomikanın' ma'mleket ha'm regionlar sektorın, byudjet sho'lkemleri ha'm ma'kemelerin rawajlandırıwdın' en' za'ru'r da'stu'rlerin finanslastırıwdın' oraylastırılg'an dereklerin ta'miynlew menen baylanıslı ekonomikalıq qatnasıqlardı sa'wlelendiredi. Olardın' is-ha'reketi sotsiallıq bag'darlang'an ekonomikasın rawajlandırıwdın' ulıwma maqsetlerine erisiwge qaratılg'an.

1.-tablitsa

Ma'mleket ha'm jergilikli byudjeti sisteması

| |
|---|
| Ma'mleket finansı ha'm jergilikli finansı |
| Byudjet sisteması |
| Byudjetten tısqarı fondlar sisteması |
| Ma'mleket ha'm jergilikli kreditlestiriw sisteması |

Jergilikli finanslar ma'mleket finans sisteması masshtabında xızmet ko'rsetedi ha'm onın' oraylıq buwını esaplanadı. Ma'mleket ha'm jergilikli finansının' quramı 1.-tablitsada keltirilgen.

Ekonomikalıq kategoriya sıpatında finans, finans sistemasının' buwınları ortasındag'ı o'z-ara qatnasıqlardı reformalaw menen baylanıslı. Bul aldın-ala makroda'rejedegi finans penen mikroda'rejedegi finans ortasındag'ı o'z-ara baylanıslarg'a tiyisli bolıp tabıladı.

Makroda'rejedegi finans – bul ma'mleket byudjeti ha'm jergilikli byudjeti. Olar ka'rxanalardın' finansına tiykarlang'an. Finans ekonomikalıq rawajlanıwının' ulıwma maqsetlerine erisiwge ko'meklesedi, sonın' ushın da olardı optimal ta'rizde sho'lkemlestiriw talap etiledi. Jergilikli finans ushın bul a'sirese, za'ru'r bolıp tabıladı. Jergilikli finanstı sho'lkemlestiriw ja'ne de olardın' jumıs printsipleri qatan' belgileniwi lazım bolıp tabıladı.

Jergilikli finanstın' tiykarg'ı funktsiyaları ulıwma alg'anda finans sistemasının' tiykarg'ı funktsiyalarınan kelip shıg'adı. Bularg'a rejelestiriw, sho'lkemlestiriw, qollap-quwatlaw ha'm qadag'alaw.

1. Rejelestiriw, respublika menen administrativ territoriyalar (wa'layatlar, rayonlar)

ortasında wa'kalatlardı bo'listiriw tiykarında maqsetlerdi ta'riyplew ha'm olarg'a erisiw jolların tan'lawdı na'zerde tutadı. Rejelestiriwge sonday-aq, waqıtqa qarap ha'm dag'aza qılıng'an rawajlanıwdın' prioritet bag'darlarına muwapıq resurslardın' sheklengen ko'lemin bo'listiriw, olardı respublika byudjeti ha'm jergilikli byudjetler ortasında qayta bo'listiriw de kiredi. Rejelestiriw funktsiyası tiyisli finans jılına ha'm keleshekke byudjetlerdi du'ziw jolı menen a'melge asırıladı.

2. Sho'lkemlestiriw funktsiyası byudjettin' strukturasın belgilew, byudjetti klassifikatsiyalaw, byudjetti du'ziw, tastıyıqlaw ha'm orınlaw ta'rtibin belgilew, wa'kalatlı kredit sho'lkemlerin tan'law, byudjet protsessinde nızam shıg'arıwshı ha'm atqarıwshı ha'kimiyat ha'm basqarıw organlarının' wa'kalatların shegaralaw, finans organları funktsional bo'limlerinin' huqıq ha'm minnetlemelerin belgilewdi o'z ishine aladı.

3. Qollap-quwatlaw funktsiyası maqsetlerin a'melge asırıwg'a bag'darlang'an xızmetke tiykarlanadı.

4. Qadag'alaw funktsiyası qoyılg'an maqsetlerge erisiwge ko'meklesiwden ibarat: Aldın-ala, bul maqsetlerdi qa'liplestiriw ha'm olarg'a erisiw da'rejesine baha beriw ushın za'ru'r norma ha'm normativlerdi islep shıg'arıw, finanslıq prognozlar ju'zege shıg'ıwı ushın za'ru'r sha'rt-sha'rayatlar jaratıwı bolıp tabıladı.

Joqarıda aytıp o'tilgenindey, jergilikli finans pul aylanısı menen baylanıslı funktsiyaları usı qatnasıqlardan kelip shıg'adı. Bular bo'listiriw ha'm qadag'alaw funktsiyaları bolıp tabıladı.

Jergilikli finanstın' bo'listiriw funktsiyası jan'a jaratılg'an qundı bo'listiriw ha'm qayta bo'listiriw arqalı ma'mleket byudjeti ha'm jergilikli byudjettin' baylanıslıg'ın ta'miynlewden ibarat.

Jergilikli finans, finans resursların oraylastırılg'an derekler arqalı qayta bo'listiriw tiykarında xızmet ko'rsetedi. Bo'listiriw funktsiyasının' a'hmiyeti ka'rxanalardın' byudjet, bankler, kontragentler aldındag'ı minnetlemelerin atqarıw arqalı jan'a jaratılg'an qundı qayta bo'listiriwden ibarat. Bo'listiriw funktsiyası byudjetke ha'm byudjetten tısqarı fondlarg'a ma'jbu'riy to'lewlerdi a'melge asırıw, sonday-aq, byudjet defitsitin finanslastırıw dereklerin anıqlaw arqalı a'melge asırıladı. Bo'listiriw funktsiyasına tu'rli ko'lemdegi byudjetler ortasında da'ramatlardı qayta bo'listiriw protsessi de kiredi.

Jergilikli finanstın' qadag'alaw funktsiyası ma'mleket qatnasıp atırg'an pul aylanısın, pul qarjılarının' oraylastırılg'an resursları qa'liplestiriliwin qadag'alawdı o'z ishine aladı.

Pul aylanısın qadag'alaw eki tu'rde a'melge asırıladı:

1. Finanslıq ko'rsetkishlerdin' o'zgerisin, to'lewler ha'm esap-kitaplardın' halatın qadag'alaw.

2. Finanslastırıw strategiyasının' a'melge asırılıwın qadag'alaw.

Birinshi formada sanktsiyalar ha’m qollap-quwatlawlar sisteması qollanıladı, ekinshi formada bolsa finanslıq siyasattag’ı o’zgerislerdi aldınnan ko’re biliw ja’ne de finanslastırıw ta’rtibi ha’m sha’rtlerin olarg’a sa’ykeslestiriw wazıypası qoyıladı.

Finanstın’ qadag’alaw funktsiyası ha’r qashan belgili obektke iye, ol ya byudjetke, yaki byudjetten tısqarı fondqa, yaki belgili ka’rxanag’a bag’darlang’an boladı.

Finanstın’ qadag’alaw funktsiyası to’mendegi bag’darlarda a’melge asırıladı:

A) Byudjetler ha’m fondlarg’a qarjılardın’ o’z waqtında ha’m tuwrı o’tkiziliwi u’stinen qadag’alaw;

B) Byudjet ha’m byudjetten tısqarı fondlar belgilengen parametrler masshtabınan shetke shıqpawı u’stinen qadag’alaw;

V) Byudjet ha’m byudjetten tısqarı fondlardın’ belgilengen qa’rejetleri parametrleri masshtabınan shetke shıqpawı u’stinen qadag’alaw.

Jergilikli finanstın’ tiykarg’ı printsipleri to’mendegilerde o’z sa’wleleniwin tapqan:

- nızam hu’jjetleri ha’m normativ hu’jjetler negizinin’ birden-bir ekenligi;
- ashıqlıq ha’m a’shkaralık (transparentlik);
- wa’kalatlar ha’m ju’rgiziw predmetlerinin’ shegaralang’anlıg’ı;
- maqsetke bag’darlang’anlıq;
- maqsetlerdi a’melge asırıwg’a salıstırmalı ilimiy jantasıw;
- ekonomlılıq ha’m aqılg’a muwapıqlıq;
- finans ag’ımların oraylastırılg’an tiykarda basqarıw kiredi.

## 2.2. Finans resursları – ekonomikanı turaqlılastırıw usılı retinde

Ha’r qanday demokratiyalıq ma’mleket strukturasının’ za’ru’rli komponenti jergilikli o’z-o’zin basqarıw esaplanadı. Ol orınlardag’ı saylang’an basqarıw organları ta’repinen a’melge asırıladı. Jergilikli basqarıw ha’m atqarıw organlarına ju’klengen wazıypalardı orınlaw ushın olarg’a belgili mu’lkiy ha’m finanslıq byudjet huqıqları beriledi.

Jergilikli ha’kimiyat organlarının’ finanslıq bazası olardın’ byudjetleri esaplanadı. Bul organlarg’a berilgen byudjet ha’m mu’lkiy huqıqlar olarg’a o’z byudjetlerin du’ziw, ko’rip shıg’ıw, tastıyıqlaw ha’m orınlaw imkaniyatların beredi, ja’ne de olar basqarıwına berilgen ka’rxanalardı basqarıw ha’m olardan da’ramat alıw imkaniyatın beredi.

Jergilikli byudjetleri o’ndiristin’ anıq na’tiyjelerin xalıqqa jetip barıwın bas kanallarınan biri bolıp tabıladı.

Olar arqalı ulıwma tutınıw fondı xalıqtın’ ayrıqsha toparları ortasında bo’listiriledi. Bul byudjetlerden ma’lim o’lshemlerde o’ndiris taraw tarmaqları, birinshi na’wbette aymaqlar ha’m azıq-awqat sanaatı, kommunal xojalıq, xalıq turmıs xızmetin ta’miynlewdin’ za’ru’r komponenti bolg’an o’nimler ha’m xızmetler ko’lemin finanslastırıladı.

Jergilikli byudjetlerdin’ ekonomikalıq a’hmiyeti olardın’ wazıypalarında sa’wlelenedi. Olar to’mendegi wazıypalardı orınlaydı:

- jergilikli ha’kimiyat organları xızmeti finanslıq ta’miynatı ushın pul fondların qa’liplestiriw;
- bul fondlardı xalıq xojalıg’ı tarmaqları ortasında bo’listiriw ha’m paydalanıw;
- bul ha’kimiyat organları basqarıwında bolg’an ka’rxana, sho’lkem ha’m ma’kemelerdin’ finanslıq- xojalıq xızmetin qadag’alaw.

Jergilikli byudjetler ulıwma ma’mleket ekonomikalıq ha’m sotsiallıq wazıypaların a’melge asırıwda za’ru’r a’hmiyetke iye bolıp tabıladı, birinshi na’wbette ma’mleket qarjıların bo’listiriw ha’m sotsiallıq infrastrukturanı rawajlandırıwda bul qarjılar rayon, qala byudjetlerin o’z ishine alıwshı jergilikli byudjetler sisteması arqalı o’tedi. Ma’mleket sotsiallıq siyasatın a’melge asırıw u’lken materiallıq ha’m finanslıq resurslardı talap qıladı.

Byudjet sisteması zvenoları ortasında ulıwma ma’mleket pul resursların bo’listiriw tiykarında jergilikli byudjetler g’a’rezsizligi ha’m olardı ma’mleket ta’repinen finanslıq qollap-quwatlaw printsipi jatadı. Bul printsiplerden kelip shıqqan halda, jergilikli byudjetler ha’m ta’rtipke salıwshı da’ramat derekleri esabına qa’liplestiriledi.

O’zbekstan Respublikası Ma’mleket byudjeti, Respublika byudjeti ha’m jergilikli byudjetlerinen qurılg’an. Regionlar byudjetleri O’zbekstan Respublikası byudjet sistemasının’ tiykarg’ı bo’limi sıpatında o’zinde 14 g’a’rezsiz byudjetti keltiredi.

Jergilikli byudjetlerdi qa’liplestiriwde biriktirilgen da’ramatlar tiykarg’ı derek bolıp esaplanbaydı. Jergilikli ha’kimiyat organların o’z da’ramat (biriktirilgen da’ramat) dereklerinin’ ko’lemi qızıqtıradı. Olar xojalıq qollap-quwatlawshılıg’ın ken’ ko’rsetedi ha’m byudjet to’lewlerin asırıwg’a ha’reket qıladı.

Jergilikli byudjetlerinin’ ha’r qashang’ı o’sip barmaw sebebi jergilikli byudjet qarjıların qaplaw za’ru’rligin keltirip shıg’ardı. Respublikamızda bul za’ru’rlik tiykarınan ta’rtipke salıwshı da’ramatlar, yag’nıy joqarı byudjet dereklerinen beriletug’ın qarjılar esabına atqarıla baslang’an.

Respublikamızda jergilikli byudjetleri da’ramat qarjıların ta’rtipke salıw maqsetinde to’mendegi salıqlardan ajıratpalar qılınadı:

- qosımsha qun salıg’ınan ajıratpalar;
- aktsizlerden ajıratpalar;
- ka’rxanalar da’ramatı (paydası)na salıqtan ajıratpalar;
- fizikalıq shaxslar da’ramat salıg’ınan ajıratpalar.

Quramg’a salıwshı da’ramatlardan ajıratpalar normativleri joqarı jergilikli ha’kimiyat organları ta’repinen jergilikli byudjetleri qa’rejetleri ulıwma summası ha’m olardın’ biriktirilgen da’ramatları ko’lemine itibarlı jag’ınan tastıyıqlanadı.

Ha’zirde de respublikamız jergilikli byudjetler da’ramatlarında ko’lemi ha’m ekonomikalıq mazmunı boyınsha tiykarg’ı orındı ta’rtipke salıwshı salıqlardan ajıratpalar iyeleydi. Olardın’ roli tek g’ana jergilikli ha’kimiyat organları finanslıq resurslar menen ta’miynlewden ibarat bolıp tabıladı, ba’lkim jergilikli byudjetlerdin’ joqarı byudjetlerge qarjılar jiberiw ma’pdarlıg’ın asırıw ha’m territoriyalardag’ı o’ndiris sapasın asırıwdan da ibarat bolıp tabıladı.

Jergilikli byudjetler ta’rtipke salıwdın’ bar sistemasının’ da bir qansha abzallıqları bar. Ol jergilikli o’ndiris da’rejesine qaramastan jergilikli byudjetlerdi za’ru’rli qarjılar menen ta’miynlewge imkan beredi, ayrıqsha territoriyalıq birlikler rawajlanıwı da’rejesin muwapıqlastırıw ushın jag’day tayarlaydı, jergilikli ha’kimiyat organların ulıwma ma’mleket salıqları rejesin orınlawg’a shaqıradı.

Ha’zirgi waqıtta jergilikli byudjetlerdi ta’rtipke salıwdın’ qollanıp atırg’an usılları kemshiliklerine de iye. Olardan tiykarg’ısı jergilikli byudjetlerdin’ ta’rtipke salıwshı da’ramatların qa’liplestiriwde subektivlik element bag’darlarının’ barlıg’ı, yag’nıy bul ta’rtipke salıwshı salıqlar quramın tan’law ha’m olardan ajıratpalardın’ normativ mug’darların belgilew hesh qashan obektiv ornatıla alınbaslıg’ında sa’wlelenedi. Bul kemshilikler ma’mleket minimal sotsiallıq ha’m finanslıq normalarının’ byudjet rejesi a’meliyatına o’tiw menen derlik joq etiledi. Ga’p ha’r bir puqaranın’ sotsiallıq ja’rdemler menen minimal ta’miynatı normaların xalıq bilimlendiriwi, salamatlıqtı saqlaw, kommunallıq xızmet ha’m basqa tarawlar boyınsha islep

shıg'ıw ha'm tastıyıqlaw haqqında barmaqta.

Bul normalar respublikamızdın' ayrıqsha alıng'an territoriyaları boyınsha olardın' ıqlımlı, tariyxıy, etnikalıq qa'siyetleri ha'm xalıqtın' bul xızmetler menen ta'miynlengenligi da'rejelerin esapqa alg'an halda parqlanıwı kerek.

Ma'mleket ekonomikalıq potentsialının' rawajlanıwı, xalıqtın' o'siwi, urbanizatsiya protsesslerinin' ken'eyiwi jergilikli byudjetler ko'lemi ha'm sanının' o'siwinin' tiykarg'ı faktorları ta'sirinde ju'z berdi.

Jergilikli byudjetlerdin' da'ramat bo'legi o'z na'wbetinde ma'mleket ekonomikalıq ha'm siyasiy protsesslerinin' anıg'ıraq sa'wlelendiredi. Jergilikli ha'kimiyat organlarının' tiykarg'ı xızmetleri – o'zlerine qaraslı aymaqlarda ekonomikalıq ha'm sotsiallıq rawajlanıw rejelerin islep shıg'ıw ha'm a'melge asırıw bolıp tabıladı.

O'zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin' «Byudjet sisteması tuwrısında»g'ı nızamına tiykarlanıp respublikamızda jergilikli byudjetler qa'rejetlerine to'mendegiler kiredi:

1) jergilikli byudjetlerinen finanslastırılatug'ın byudjet sho'lkemlerinin' ag'ımdag'ı qa'rejetleri;

2) ag'ımdag'ı byudjet transfertleri;

3) kapital qa'rejetler, tiykarg'ı fondlar ha'm qurallardı (olar menen baylanıslı jumıslar ha'm xızmetler de usılar qatarına kiredi) ma'mleket mu'ta'jleri ushın alıw ha'm qayta o'ndiriwge, ma'mleket mu'ta'jleri ushın jerge bolg'an huqıqtı ha'm basqa materiallıq emes aktivlerdi alıwg'a;

4) nızam hu'jjetlerinde qadag'alanbag'an basqa hu'jjetler.

Byudjetler ara qatnasıqlardı sho'lkemlestiriw ha'm basqarıw sistemasında jergilikli byudjetler a'mel qılıwı lazım bolg'an ma'lim shekleniwler za'ru'r a'hmiyetke iye.

Jergilikli byudjetler byudjet nızamshılıg'ına ko're, balanslasqan da'ramatlar ha'm qa'rejetler sistemasına iye bolıwları za'ru'r.

Jergilikli byudjetlerdin' haqıyqattag'ı defitsitligi bolıwı mu'mkin emes.

Jergilikli byudjetler ushın to'mendegiler qadag'alanadı:

1) O'zbekstan Respublikası nızamshılıg'ında ko'zde tutılmag'an derekler esabına o'z byudjetlerin toltırıw yaki maqsetli fondlar sho'lkemlestiriw;

2) Byudjet ssudalarınan tısqarı basqa ha'r qanday qarız faktorların a'melge asırıw;

3) Byudjet nızamshılıg'ında ko'zde tutılg'an halatlarda o'z byudjet qa'rejetlerin tastıyıqlang'an ajıratpalarınan artıp ketiwine jol qoyıw;

4) Basqa shaxslar paydasına finanslıq kepillikler beriw;

5) Huqıqıy ha'm fizikalıq shaxslarg'a byudjet ssudaların beriw.

O'zbekstan Respublikasında jan'a byudjet nızamshılıg'ının' tez arada qabıl qılınıwı

byudjetler ara qatnasıqlar jan'a modeli ushın tiykar boladı.

Basqarıwdın' ekonomikalıq usılları sistemasında jergilikli byudjetler tiykarg'ı orın tutadı. Olar ayrıqsha alıng'an aymaqtın' kompleks rawajlanıwın ta'miynlewde, optimal aymaqlıq qayta o'ndiriw salıstırmaların ornatıwda ha'm xalıqtın' jasaw da'rejesin jaqsılawda aktiv rol oynaydı.

Basqa ekonomikalıq kategoriyalar sıyaqlı jergilikli byudjetleri de ma'mleket ha'kimiyatı organları ta'repinen sotsial-ekonomikalıq ma'selelerdi sheshiw ushın paydalanıladı. Basqarıwdın' ekonomikalıq quralı sıpatında olar to'mendegiler menen ta'riyplenedi:

- birinshiden, jergilikli o'ndiriwdin' ba'rshe ta'replerine klassifikatsiyalawdın' ken' sferası;

- ekinshiden, usı ekonomikalıq kategoriyanın' qayta bo'listiriwshilik qa'siyeti sebepli ta'sir etiwdin' joqarı da'rejesi;

- u'shinshiden, basqarıwdın' byudjet metodları sistemasının' ma'lim bir waqıttın' o'zinde emes ba'lkim, jergilikli basqarıw organların rawajlandırıw maqsetleri ha'm ma'selelerinin' o'zgerip turıwına muwapıq rıchaglar sisteması menen udayı ra'wishte qa'liplestirip barılıwınan kelip shıg'atug'ın egiliwshen'lik xarakteri.

Jergilikli byudjetler bul jan'a byudjet strukturası sha'rayatlarında byudjetler ara qatnasıqlardı ta'miynlewshi o'zine ta'n ekonomikalıq kategoriya bolıp tabıladı, ja'ne de ma'lim jergilikli sotsial-ekonomikalıq rawajlanıwın ta'miynlew maqsetinde jergilikli ha'kimiyat organları ta'repinen sho'lkemlestiriletug'ın pul qarjıları fondlarının' qa'liplestiriliwi, bo'listiriliwi, isletiliwi menen baylanıslı ja'miyettegi ekonomikalıq qatnasıqlardın' muwapıqlıg'ı da bildiredi.

Ha'zirgi sha'rayatta jergilikli byudjetlerin qa'liplestiriwde tiykarg'ı itibar ma'mleket rawajlanıwının' ayrıqsha basqıshlarında jergilikli byudjetlerin qa'liplestiriwdegi qarama-qarsılıqlar dereklerin ajıratıp ko'rsetiw ha'm u'yreniw imkaniyatın beriwshi jergilikli byudjetlerdin' payda bolıwı ha'm qa'liplestiriwinin' tariyxıy rawajın analiz etiwge qaratıw kerek.

Jergilikli byudjetleri basqarıwdın' ekonomikalıq metodı sıpatında byudjet qatnasıqların qayta bo'listiriw xarakteri menen baylanıslı o'zine ta'n qa'siyetine iye bolıp tabıladı. Hesh qanday kategoriya finanslıq resurslardı sonshalıq ko'p qırralı ha'm ko'p da'rejeli qayta bo'listiriwde jergilikli byudjetleri sisteması sıyaqlı qatnaspaydı.

Jergilikli byudjetleri sisteması arqalı regiondag'ı sotsial-ekonomikalıq protsesslerde byudjet rıchagları ta'sir etiw a'meliyatın ha'm ko'lemlerin belgilewshi xalıq xojalıg'ı tarmaqları, aymaqlar, o'ndiris ha'm o'ndirislik emes tarawları, xalıqtın' ha'r tu'rli qatlamları ortasında qarjılar bo'listiriwin a'melge asırıladı.

Jergilikli byudjetleri da'ramat bazaların bekkemlewde olar ıqtıyarına da'ramat bazaların berilgen jergilikli salıqları ha'm jıyımları boyınsha shara-ilajlar za'ru'r orın tutadı. Sonı ayrıqsha

atap o'tiw kerek, jergilikli byudjetler regionlar salıqları ha'm jıyımlardı sho'lkemlestiriw ha'm basqarıwda g'a'rezsiz bolsa da Finans Ministrligi ta'repinen o'ndirilgen tiyisli normalar masshtabında xızmet ju'rgizedi. Jergilikli byudjetler (Respublikamız mısalında) a'meliyatındag'ı za'ru'r qa'siyet byudjet sisteması tuwrısındag'ı nızamda belgilengenindey regionlar byudjetleri defitsiti a'meliyatına jol qoyılmalıg'ı bolıp tabıladı. Ma'mleket finans siyasatında jergilikli byudjetler da'ramatları ha'm qa'rejetlerinin' balanslıg'ı respublika byudjeti subsidiyaları arqalı kepillenbekte.

Ma'mleket sotsial-ekonomikalıq rawajlanıwı ha'm jergilikli mashqalalarının' sheshiliwinde jergilikli byudjetlerinin' roli sonda sa'wlelenedi, ol yaki bul aymaqtın' finanslıq resursları balansında jergilikli byudjetler da'ramatları ha'm qa'rejetleri oraylıq orındı iyeleydi. Jergilikli finanslıq resurs finanslıq resursları quramına jergilikli byudjetler qarjıları qatarı byudjetten tısqarı arnawlı fondlardın' orınlardag'ı bo'limleri qarjıları ma'mleket mu'lki jag'dayındag'ı ka'rxanalar finanslıq resursları, ja'ne de ma'mleket krediti maydang'a shıg'adı.

Jergilikli byudjetlerinin' sotsial-ekonomikalıq funktsiyaları olardın' da'ramatları ha'm qa'rejetleri arqalı tolıq a'melge asırıladı. Qa'rejetlerdin' sotsial-ekonomikalıq bag'darlang'anlıg'ı onın' jergilikli byudjetleri arqalı tiyisli sotsiallıq za'ru'r mu'ta'jin qandırıw menen ta'riyplenedi. Jergilikli byudjetler moynındag'ı qa'rejetlerdin' jan'a klassifikatsiyasına ko're jetilistiriliwi menen sa'wlelenedi. Jergilikli byudjetler moynındag'ı qa'rejetlerge ko're aldıng'ı ulıwma qa'rejetler smetasında keltirilgen qa'rejetler bo'limi anıq qa'rejet tu'rine biriktirildi. Jergilikli ekonomikası mashqalaları jergilikli byudjetler aldına jan'a mashqalalardı qoymaqta:

1) Byudjet qarjılarının' jergilikli boyınsha bo'listiriwinde qa'rejetler ko'lemi, ja'ne de qarjılardın' sheklengenligi aqıbetinde byudjet resurslarına bolg'an mu'ta'jdi kandıra almaslıq mashqalası ju'zege keldi;

2) Byudjet sistemasında jergilikli byudjetlerinin' erkinligi haqqında ha'm onın' finanslıq ekonomikalıq jag'dayları haqqında tartısıwlardın' barlıg'ı;

3) Rawajlang'an ma'mleketler byudjet a'meliyatında ken' qollanılıp atırg'an byudjet resursların byudjet buwınları ortasında bo'listiriw protsessindegi tiyisli tiykarlar ha'm o'lshemlerge a'mel qılıw mashqalası.

Byudjet resursların bo'listiriwde ja'ha'n a'meliyatında to'mendegi o'lshemler ja'ne de ko'rsetkishler tiykar qılıp alınadı:

- xalıq jan basına ko're byudjet resurslarının' bo'listiriliwi;

- ekonomikalıq potentsialdan paydalanıw da'rejesine qarap byudjet resurslarının' bo'listiriliwi.

Jergilikli byudjetleri «erkinligi» ma'selesin eki tu'rli ma'niste tu'siniw mu'mkin; operativ

g’a’rezsizlik-jergilikli byudjetler proektin islep shıg’ıw, proekttegi tiyisli ilajlardı basqıshpa-basqısh finanslastırıw ja’ne de byudjet orınlanıwı tuwrısında esabattın’ massalıq ta’rizde tayarlanıwı ko’rip shıg’ılıwı ha’m tastıyıqlanıwı protsessinde sa’wlelenedi.

Ekonomikalıq byudjetlerdi qa’liplestiriw tiykarlarının’ analizi jergilikli byudjetlerdi keleshekte rawajlandırıwdın’ to’mendegi bag’darların ajıratıp ko’rsetiw imkanın beredi. Jergilikli sotsial-ekonomikalıq rawajlanıwın finanslastırıwda ja’ne de usı aymaqqa tartılıp atırg’an ma’mleket da’ramatlarının’ ulıwma ko’leminde jergilikli byudjetler ta’sirin asırıwı, jergilikli o’ndirisin ken’eyttiriw ha’m ku’sheyttiriw menen baylanıslı da’ramatlardag’ı jergilikli salıqları sistemasın izbe-iz qayta bag’darlawı, sonnan, jergilikli resurslarının’ tolıq ha’m na’tiyjeli islewine, jergilikli ha’kimiyat organlarının’ xojalıq qollap-quwatlawın, juwapkerligin ha’m erkinligin aktivlestiriwge ayrıqsha alıng’an aymaqtag’ı ba’rshe xojalıq ju’ritiwshi subektlerdin’ jergilikli byudjet aldındag’ı o’z minnetlemelerin tola ko’lemde orınlaw ushın qaysı basqarmag’a qaraslı bolıwınan qatan’ na’zer ba’rshe ka’rxanalar ushın jergilikli byudjetlerge jergilikli salıqların tapsırıw sha’rt-sha’rayatların tolıq ten’lestiriw, jergilikli byudjetlerinin’ da’ramat bo’limin qa’liplestiriwdin’ salıqlı dereklerin salıqsız xarakterdegi tu’simler menen ja’ne de ken’irek toltırılıwı ja’ne de u’lken o’lshemlerde region ha’kimiyatı organlarının’ byudjetten tısqarı qarjılar fondın qa’liplestiriw ha’m tag’ı basqalar kiredi.

### 2.3. Jergilikli ekonomika rawajlanıwına jergilikli finanstın' ta'siri

Bu'gingi ku'nde bar bolg'an salıqlar ha'm jıyımlar ja'ne de olardan na'tiyjeli paydalanıw da'rejesin tolıq a'melge asırıwdı ta'miynlew, sonday-aq, bunda bar imkaniyatlardan tolıq paydalanıw aymaqlardın' sotsial-ekonomikalıq potentsialınan kelip shıqqan halda jergilikli byudjetler da'ramatların qa'liplestiriwde tiykarg'ı wazıypa bolıp qalmaqta.

Orınlarda salıq to'lewshi yuridikalıq ha'm fizikalıq shaxslar ma'plerin qorg'ag'an halda, jergilikli byudjetler da'ramatların ken'eyttiriw, salıq ha'm jıyımlardı o'z waqtında tu'siriw barısında jan'a bir mexanizm – jan'asha bir metod islep shıg'ılıwın talap etpekte.

Jergilikli ha'kimlikleri, finans-salıq ha'm bank organları xızmetlerin o'z-ara baylawshı puqaralardın' o'zin-o'zi basqarıw organları xızmeti bunday mexanizmdi islep shıg'ıwda za'ru'r a'hmiyetke iye bolıp tabıladı.

Ma'lim bolg'anınday, a'meldegi nızamshılıqta jergilikli byudjetleri qa'liplesiwi ha'm orınlanıwı sho'lkemlestiriwde puqaralardın' o'zin-o'zi basqarıw organlarına u'lken imkaniyatlar berilgen.

Bu'gingi ku'nde O'zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin' arnawlı qararları menen tastıyıqlang'an «Kem ta'miyinlengen semyalardı esapqa alıw, olarg'a materiallıq ja'rdem tayarlaw ha'm to'lew ta'rtibi tuwrısında»g'ı, «Er jetpegen balaları bolg'an semyalarg'a napaqalar tayarlaw ha'm to'lew tuwrısında»g'ı ja'ne de «İslemeytug'ın analarg'a bala eki jasqa jetkenge deyin onı o'sirgenligi ushın aylıq napaqa tayarlaw ha'm to'lew ta'rtibi tuwrısında»g'ı nızamlar tiykarında puqaralardın' o'zin-o'zi basqarıw organları ta'repinen tiyisli jumıslar a'melge asırıp kelinbekte.

Sonday-aq, respublikamız bazar ekonomikasına o'tip atırg'an ha'm oraylaspag'an finanslıq qatnasıqlarg'a basqıshpa-basqısh o'tilip atırg'an bir payıtta puqaralardın' o'zin-o'zi basqarıw organlarının' finanslıq wa'kalatların ken'eyttiriw za'ru'r a'hmiyetke iye bolıp tabıladı.

Ulıwma alg'anda, puqaralardın' o'zin-o'zi basqarıw organları wa'kalatına qosımsha finanslıq qatnasıqlardı belgilew, aldın-ala, jergilikli byudjetler da'ramatları imkaniyatın ken'eyttiriwge, salıq ha'm jıyımlardın' o'z waqtında o'ndiriliwin ta'miynlewge xızmet qıladı, ja'ne de oraylaspag'an finanslıq qatnasıqlar basqıshı sıpatında za'ru'r a'hmiyetke iye bolıp tabıladı. Bul barada to'mendegi usınıslar bar:

- jergilikli byudjetlerdi bekkemlewde puqaralardın' o'zin-o'zi basqarıw organları wa'kalatlarına ayırım salıq jıyımlardı o'ndiriw wazıypasın kiritiw;
- puqaralardın' o'zin-o'zi basqarıw organları, yag'nıy aymaqlarda qarawsız bos jatqan imaratlar, ja'ne bos jerler tag'ı da qurılısı pitpegen o'z halına taslap qoyılg'an tu'rli obektlerden paydalanıwdı jolg'a qoyıw;

- puqaralardın’ o’zin-o’zi basqarıw organlarının’ bu’gingi ku’nde berilgen wa’kalatların ken’eyttiriw, yag’nıy olardın’ aymaq byudjetleri da’ramatların qa’liplestiriwdegi rolin ku’sheyttiriw. Sonın’ ishinde, puqaralardın’ o’zin-o’zi basqarıw organları jaylasqan aymaqtı onın’ ma’mleket ta’repinen ijarag’a berilgen mu’lki sıpatında belgilew.

Onın’ aymag’ında jaylasqan bazarlar aktsionerlik ja’miyetleri, ja’ma’a’t xojalıqları, ka’rxana ha’m sho’lkemler ja’ne de sawda shaqapshaların sho’lkemlestiriwshisi sıpatında atap o’tiw, yag’nıy usı puqaralardın’ o’zin-o’zi basqarıw organları jaylasqan aymaqtag’ı mu’lk tu’rinen qatan’ na’zer, miynet xızmeti ko’rsetip atırg’an yuridikalıq shaxstın’ sho’lkemlestiriwshisi esaplanıwı ha’m onın’ xızmetinde alıng’an paydadag’ı u’lesi bolıwın belgilew.

Puqaralardın’ o’zin-o’zi basqarıw organları xızmetinde bunday jumıslardı a’melge asırıw og’an qanday minnetlemelerdi ju’kleydi ha’m bul jergilikli byudjetlerin bekkemlewde qanday a’hmiyetke iye bolıp tabıladı?

Birinshiden, ma’ha’lle mu’lkine iye boladı ha’m ol o’z mu’lkinin’ haqıyqıy qorg’awshısına aylanadı.

Ekinshiden, puqaralardın’ o’zin-o’zi basqarıw organları aymaqta jasawshı yuridikalıq shaxs xızmeti ma’ha’lle qadag’alawında bolıwın ta’miynleydi.

U’shinshiden, jergilikli qa’rejetler ushın da’ramat derekleri payda boladı. Ma’ha’lle o’z aymag’ında jaylasqan yuridikalıq shaxs xızmetinde alınatug’ın paydadan ma’pdar boladı. Paydadan alınatug’ın u’les differentsiallastırıw bolıwı mu’mkin. Aytayıq, bir ka’rxanadan 0,5 %, basqasınan 0,3 %, ha’m ja’ne birewinde 1 %. Bul bu’gingi ku’nde bir ta’repten, ma’ha’lle aqsaqalları o’z lawazımların son’ paydalanıwdın’ aldın alsa, basqa ta’repten, ka’rxana ha’m sho’lkemnin’ qa’wenderligin (sponsor) bekkemleydi.

To’rtinshiden, territoriya aymag’ında xızmet ju’rgizip atırg’an yuridikalıq shaxstı o’z qorg’awına aladı. Yuridikalıq shaxstın’ finanslıq yaki ekonomikalıq ko’rsetkishlerin u’yreniw, tekseriw qatan’ ra’wishte, ma’ha’lle menen kelisken ku’n ta’rtibi tiykarında a’melge asırıladı. Ka’rxana xızmetine irkinish jasawshı ha’r tu’rli o’z basımsha tekseriwshiler jolı qırqıladı.

Besinshiden, territoriya o’zinin’ sotsial-ekonomikalıq mashqalasın o’zi sheshetug’ın boladı. Jergilikli o’z esap betindegi da’ramatı deregine, mu’lkine ja’ne de aymag’ına iye bolıwı, mashqalalardı o’z waqtında o’zi sheshiw imkaniyatın ken’eyttiredi. Xalıq usınısların inabatqa alg’an halda, tayarlang’an qa’rejetler tu’rlerine alıng’an da’ramatlar bo’listiriledi ha’m ba’rshe qılıng’an jumıslar xalıq ortasında o’z-ara pikirlesedi.

Altınshıdan, jergilikli xalıq o’z aymag’ında jaylasqan ha’r bir obektti o’z qorg’awına alg’an halda, udayı ra’wishte abadanlastırıwlardı sho’lkemlestirip, ja’miyetshilik birligin bekkemleydi. Territoriya aymag’ında jaylasqan ja’ne de sho’lkemlestiriwshi esaplang’an aymaq,

usı ka’rxana ushın biypul jumıs ku’shi xızmetin sho’lkemlestiredi. Ka’rxananın’ talabına ko’re, jergilikli xalıq abadanlastırıw, ka’rxananı remontlaw jumıslarında aktiv ja’rdem beredi.

Jetinshiden, ka’rxana iyesi bolg’an usı yuridikalıq shaxs jergilikli aymag’ında jaylasqan kem ta’miynlengen semyalar, jetim balaları bar semyalar, bag’ıwshısı bolmag’an semyalar, qariyalar, jumıssızlar, waqtınshalıq biykarshı jaslar, mektepler ha’m baqshalar xızmeti, o’spirimler, mektep jasındag’ı balalar ja’ne de baqsha balalarına jaqınnan ja’rdem beredi. Sotsiallıq ma’seleler boyınsha tiyisli ilajlardı a’melge asıradı. Bul jumısları menen jergilikli xalıq ortasındag’ı isenimi ja’ne de artadı.

Territoriya o’z xalqın qollap-quwatlaydı. Bul bolsa, aymaqta salamat emes adamlar bolmaslıg’ına, qalaberse, ja’miyetimiz ushın qa’wipli bolg’an shaxslardan qorg’aydı.

### 2.4. Jergilikli byudjetlerdin’ da’ramatları ha’m qa’rejetleri quramı

O’zbekstan Respublikasının’ bazar ekonomikasına o’tiw ha’m g’a’rezsiz respublika bolıwı mu’na’sibeti menen ha’zirgi waqıtta jergilikli byudjet da’ramatlarının’ sho’lkemlestiriliwinde huqıqıy tiykarları respublikamız sha’rayatında sa’ykeslestirip o’zgerttiriledi. Bul O’zbekstan Respublikası Oliy Majlisi ta’repinen qabıl qılıng’an nızamlarda o’z sa’wleleniwin tabadı.

O’zbekstan Respublikası ma’mleket byudjeti, respublika byudjeti ha’m jergilikli byudjetlerinen quralg’an. Jergilikli byudjetler o’z na’wbetinde, o’z ishine Qaraqalpaqstan Respublikası byudjeti, wa’layatlar byudjetleri, Tashkent qalası byudjeti, rayon ha’m qala byudjetlerin aladı. Jergilikli byudjetler arqalı territoriyalıq aymaqtın’ sotsial-ekonomikalıq rawajlanıwı finanslıq qarjılar menen ta’miynlep beriledi.

O’zbekstan Respublikasının’ «Ma’mleket byudjet sisteması tuwrısında»g’ı Nızamının’ 3 – bo’lim 18 – statyasına ko’re Qaraqalpaqstan Respublikası byudjeti ha’m aymaqlar byudjetler da’ramatları to’mendegilerden ibarat:

- nızam hu’jjetlerinde belgilengen normalarg’a muwapıq Qaraqalpaqstan Respublikası byudjeti ha’m aymaqlar byudjetlerine o’tkiziletug’ın ulıwma ma’mleketlik salıqları, jıyımları, bajıları, sonday-aq, ma’jbu’riy to’lewler ja’ne de basqa ulıwma ma’mleketlik tu’simleri;
- nızam hu’jjetlerinde belgilengen normalarg’a muwapıq ma’mleket mu’lkin jaylastırıw, paydalanıwg’a beriwden alıng’an da’ramatlar;
- nızam hu’jjetlerine muwapıq miyras alıw, sawg’a etiw huqıqı boyınsha ma’mleket mu’lkine o’tken pul qarjıları;
- byudjet subventsiyaları, dotatsiyaları ha’m joqarı byudjetten beriletug’ın ssudalar;
- yuridikalıq ha’m fizikalıq shaxslardan, sonday-aq, shet el ma’mleketlerinen kelgen qaytarılmaytug’ın pul tu’simleri;
- nızam hu’jjetlerinde qadag’alanbag’an basqa da’ramatlar esabına qa’liplestiriledi.

O’zbekstan Respublikasının’ a’melge kiritilgen Salıq kodeksinde aymaqlar byudjetleri da’ramatları derekleri ha’m olardın’ quralıwı anıq keltirip o’tilgen.

Jergilikli byudjetlerinin’ da’ramat bazası aymaqlarda jaratılıp atırg’an milliy da’ramat, yag’nıy o’ndiristin’ rawajlanıw da’rejesi, da’ramatlardın’ udayı ha’m bir tegiste tu’simin aymaqlar ha’kimiyatı da’ramatları asıwınan ma’pdarlıg’ı menen tikkeley baylanıslı bolıp tabıladı. Birinshiden, jergilikli byudjetinen da’ramatlardı asırıwdın’ ishki rezervleri, aymaqlarda o’ndiristi rawajlandırıwdı, orınlarda ekonomikalıq reformalardı a’melge asırıw menen teren’ baylanıslı halda ekonomikalıq reformalardı a’melge asırıwda ma’mleket mu’lkin menshiklestiriw protsessi, ha’r tu’rli mu’lkshilik formaların ju’zege keltiriw ha’m mu’lkshilik formaları ju’zege keltiriw ha’m mu’lkshilik formaları ortasında, ba’seki tiykarında, erkin

rawajlandırıwg'a erisiw za'ru'r rol iyeleydi. Jergilikli byudjetlerinin' da'ramat bazasın bekkemlew tikkeley awıl xojalıg'ında a'melge asırılıp atırg'an reformalar menen baylanıslı bolıp tabıladı.

Ekinshiden, strukturalıq ta'rtiplerdin' en' za'ru'r prioritet bag'darı awıl xojalıg'ı ha'm ulıwma agrosanaat kompleksinde teren' progressiv jıljıwg'a erisiwi bolıp tabıladı. Bul jıljıwlar azıq-awqat mashqalasın tu'pten sheshiwge, awıl xojalıq shiyki-zatın teren'irek qayta islewge ha'm awıllarda kishi ka'rxanalar payda etiwge, awıldın' o'ndiris ha'm sotsiallıq infrastrukturasın rawajlandırıwg'a, awıl xalqının' turmıs da'rejesin asırıwg'a qaratılıwı kerek.

Jergilikli byudjetlerinin' wazıypaları orınlanıwı tikkeley onın' da'ramatları menen baylanıslı eken, da'ramatlar derekleri ha'm onın' quralıwı toqtalıp o'temiz.

Jergilikli byudjet da'ramatları salıstırmalı jergilikli ha'kimiyat organlarına ju'kletilgen wazıypalar, olar ta'repinen jergilikli salıq ha'm jıyımların jıynap alıw imkaniyatı, ja'ne de joqarı ma'mleket organlarının' aymaqlarg'a finanslıq ja'rdem bere alıw imkaniyatı, aymaqlardın' ekonomikalıq rawajlanıw da'rejesi, ma'mleket ta'repinen alıp barılıp atırg'an finans-byudjet siyasatı menen tikkeley baylanıslı bolıp tabıladı.

Ba'rshe salıq tu'simlerinin' esabın alıp barıw ushın ulıwma ma'mleketlik salıqlardı aldın-ala respublika byudjetine oraylasqan ra'wishte tu'siwi ta'miynlenedi, keyin bolsa olardı tu'rli da'rejedegi byudjetler boyınsha bo'listiriliwi a'melge asırıladı.

Byudjetler ortasında da'ramatlar bo'listiriliwi jag'ınan salıqlardın' bo'linip qoyıwı ha'm olardın' ma'lim byudjet da'rejesine bekitip qoyılıwı, o'te za'ru'rli bolıp tabıladı. Salıq kodeksine ko're jergilikli byudjetinin' da'ramatlar bo'legi ulıwma ma'mleketlik ha'm jergilikli salıqlar esabına qa'liplestiriledi. Ulıwma ma'mleketlik salıqlardın' bir bo'limi (huqıqıy shaxslardın' payda salıg'ı, fizikalıq shaxslardın' da'ramat salıg'ı ha'm qosımsha qun salıg'ı) jergilikli byudjetler ortasında ha'r jılı wa'layatlar boyınsha nızamlıq ta'rtipte belgilep qoyılatug'ın normativler tiykarında bo'listiriledi. Ulıwma ma'mleketlik salıqlarının' qalg'an tu'rleri (suw resurslarınan paydalang'anlıq ushın salıq, ekologiyalıq salıg'ı, isbilermenlik penen shug'ıllanıwshı fizikalıq shaxslardın' da'ramat salıg'ı, kishi ka'rxanalardın' birden-bir salıg'ı, aktsiz salıg'ının' ayırım tu'rleri) tolıq ko'lemde jergilikli byudjetlerine tu'sedi, yag'nıy olar jergilikli byudjetlerine biriktirip qoyılg'an ulıwma ma'mleket salıqları bolıp tabıladı. Jergilikli salıqlar ha'm salıq bolmag'an tu'simler, sonday-aq, biriktirip qoyılg'an salıq tu'simleri byudjetler ara qatnasıqlardı qa'liplestiriwde tiykarg'ı orındı iyeleydi. Salıq kodeksinin' 7 statyasına ko're respublikamızda jergilikli salıqlar tipine 8 salıq kiritilgen.

Bular:

- mal-mu'lk salıg'ı;
- jer salıg'ı;

- avtotransport quralların satıp alg'anlıq ushın salıq;

- sotsiallıq infrastrukturanı rawajlandırıw salıg'ı;

- sawda-satıq ushın jıyım, sonın' ishinde, ayırım tu'rdegi tovarlardı satıw huqıqın beriwshi jıyımlar;

- yuridikalıq shaxslardı, sonday-aq, isbilermenlik penen shug'ıllanıwshı fizikalıq shaxslardı dizimge alıng'anlıq ushın jıyım;

- avtotransport toqtaw ornınan paydalang'anlıq ushın jıyım;

- abadanshılıq jumısları ushın jıyım.

Jergilikli byudjetler da'ramat bazasının' ja'ne de bekkemleniwi jergilikli byudjetlerdi salıqlar ja'rdeminde qa'liplestiriwdin' a'meldegi mexanizmin reformalawdın' tiykarg'ı bag'darlarınan biri esaplanadı. Bul bag'darda mu'lkke, jerge, resurslarg'a salıq salıw za'ru'r a'hmiyetke iye bolıp tabıladı.

Ulıwma alg'anda salıq sistemasına ta'n bolg'an ha'm shet el salıqları sistemasınan parq qılatug'ın ta'repi sonda, ba'rshe salıq tu'rlerinen ko'plep jen'illikler, bazı hallarda bolsa o'zinin' maqsetine jetpeytug'ın ha'm ku'tilgen na'tiyjeni bermeytug'ın jen'illikler bar bolıp tabıladı. Bunday jen'illiklerge a'sirese qosımsha qun ha'm da'ramat (payda) salıqlarınan ko'plep jen'illiklerdi keltiriw mu'mkin. Jergilikli byudjetlerdi da'ramat deregi ko'z-qarasınan alıp qarasaq, usınday ahwaldı mal-mu'lk salıg'ınan da tabıw mu'mkin. salıq kodeksinin' 92 statyasına ko're bir ta'repleme ta'rizde ko'plep salıq to'lewshiler tipleri mu'lk salıg'ınan azat etilgenler. Ma'selen, ustav fondında shet el kapitalının' keminde 500 mın' AQSh dolların quraytug'ın yuridikalıq shaxslardın' mal-mu'lkine salıq salınbaydı. Bunı shet el investorlarının' ma'mleketke alıp keliw maqsetinde engizilgen dep atap o'tiw mu'mkin. Biraq, birinshiden, shet ellik investorlar basqa salıqlardan da jen'illiklerge iye, ma'selen, (da'ramat salıg'ınan) ekinshiden, mu'lk salıg'ı jergilikli byudjetinin' tiykarg'ı da'ramat dereginen biri eken, jergilikli byudjet da'ramat bazasın ken'eyttiriw ha'm jergilikli byudjetlerdin' turaqlılıg'ın asırıw maqsetinde, usı salıqlardan jen'illikler biykar qılınıwı ha'm tek g'ana sotsiallıq a'hmiyetke iye bolg'an jen'illikler saqlanıp qalınsa maqsetke muwapıq boladı.

## Juwmaqlaw

Juwmaq qılıp aytqanda ma'mleket finansı ha'm jergilikli finanslar ekonomikasının' ma'mleket ha'm jergilikli sektorı, o'ndiris ha'm ja'miyet sektorın, byudjet sho'lkemleri ha'm ma'kemelerin rawajlandırıwdın' en' za'ru'r da'stu'rlerin finanslastırıwdın' oraylastırılg'an dereklerin ta'miynlew menen baylanıslı ekonomikalıq qatnasıqların sa'wlelendiredi. Olardın' xızmeti sotsiallıq bag'darlang'an ekonomikanı rawajlandırıwdın' ulıwma maqsetlerine erisiwge qaratılg'an.

Jergilikli finanstın' tiykarg'ı funktsiyaları ulıwma finans sistemasının' tiykarg'ı funktsiyalarınan kelip shıg'adı. Bularg'a rejelestiriw, sho'lkemlestiriw, qollap-quwatlaw ha'm qadag'alaw. Jergilikli finans pul aylanısı menen baylanıslı. Ma'mleket finansı ha'm jergilikli finanstın' pul aylanısı menen baylanıslı funktsiyaları usı qatnasıqlardan kelip shıg'adı. Bular bo'listiriw ha'm qadag'alaw funktsiyası bolıp tabıladı.

Ma'mleket finansı ha'm jergilikli finanstın' bo'listiriw funktsiyası jan'a jaratılg'an qundı bo'listiriw ha'm qayta bo'listiriw arqalı ma'mleket byudjeti ha'm jergilikli byudjetinin' baylanıslıg'ın ta'miynlewden ibarat. Ma'mleket finansı ha'm jergilikli finanstın' qadag'alaw funktsiyası ma'mleket qatnasatug'ın pul aylanısın, pul qarjılarının' oraylastırılg'an resursları qa'liplestiriliwin qadag'alawdı o'z ishine aladı.

O'zbekstan Respublikasının' byudjet sisteması ma'mleket byudjetin ha'm ma'mlekettin' byudjetten tısqarı fondların, O'zbekstan Respublikası subektlerinin' byudjetlerin ha'm jergilikli byudjetten tısqarı fondlardı, jergilikli byudjetlerdi o'z ishine aladı.

Jergilikli finansı bul jergilikli a'hmiyetine finans wazıypalardı sheshiw ushın resurslardı qa'liplestiriw, bo'listiriw ha'm olardan paydalanıw ju'zesinen ju'zege keletug'ın sotsial-ekonomikalıq qatnasıqlar kompleksi bolıp tabıladı. jergilikli byudjet – ma'mleket byudjetinin' tiyisli wa'layat, rayon, qala pul qarjıları fondın sho'lkemlestiriwshi bir bo'limi bolıp, onda da'ramatlar, derekleri ha'm olardan tu'simler mug'darı, sonday-aq, finans jılı dawamında anıq maqsetler ushın ajıratılatug'ın qarjılar sarpı bag'darları ha'm mug'darı na'zerde tutıladı.

Jergilikli finanstı rawajlandırıwda jergilikli byudjetlerdi o'z waqtında byudjet protsessin tuwrı sho'lkemlestiriw yag'nıy byudjetti du'ziw, ko'rip shıg'ıw, qabıl qılıw jumısları waqtında orınlanıwın ta'miynlew, jergilikli byudjetine pul tu'simin ken'eyttiriw, jan'a ka'rxana, sawda shaqapshaları, kommunal xızmet ko'rsetiw u'ylerin ko'beyttiriw kerek.

Usı sebepli jergilikli ekonomikasın rawajlandırıwda jergilikli finanstın' qadag'alaw funktsiyası ma'mleket qatnasatug'ın pul aylanısın, pul qarjılarının' oraylastırılg'an resurslardın' qadag'alawın ku'sheyttiriw.

Jergilikli byudjetler da’ramatları qatarına jergilikli salıqlar, jıyımlar, ha’m ja’riymalardı to’lewshiler protsentlerin qayta ko’rip shıg’ıw maqsetke muwapıq bolar edi. Sebebi, Respublikamızdag’ı bazı bir shette jaylasqan rayonlar o’ndiris bo’limi to’menligi ko’zge taslanıp kelmekte.

Jergilikli byudjetlerinin’ da’ramat bazası aymaqlarda jaratılıp atırg’an milliy da’ramat, yag’nıy o’ndiristin’ rawajlanıw da’rejesi, da’ramatlardın’ udayı ha’m bir tegiste tu’simin aymaqlar ha’kimiyatı da’ramatları asıwınan ma’pdarlıg’ı menen tikkeley baylanıslı bolıp tabıladı. Birinshiden, jergilikli byudjetinen da’ramatlardı asırıwdın’ ishki rezervleri, aymaqlarda o’ndiristi rawajlandırıwdı, orınlarda ekonomikalıq reformalardı a’melge asırıw menen teren’ baylanıslı halda ekonomikalıq reformalardı a’melge asırıwda ma’mleket mu’lkin menshiklestiriw protsessi, ha’r tu’rli mu’lkshilik formaların ju’zege keltiriw ha’m mu’lkshilik formaları ju’zege keltiriw ha’m mu’lkshilik formaları ortasında, ba’seki tiykarında, erkin rawajlandırıwg’a erisiw za’ru’r rol iyeleydi. Jergilikli byudjetlerinin’ da’ramat bazasın bekkemlew tikkeley awıl xojalıg’ında a’melge asırılıp atırg’an reformalar menen baylanıslı bolıp tabıladı.

Ekinshiden, strukturalıq ta’rtiplerdin’ en’ za’ru’r prioritet bag’darı awıl xojalıg’ı ha’m ulıwma agrosanaat kompleksinde teren’ progressiv jıljıwg’a erisiwi bolıp tabıladı. Bul jıljıwlar azıq-awqat mashqalasın tu’pten sheshiwge, awıl xojalıq shiyki-zatın teren’irek qayta islewge ha’m awıllarda kishi ka’rxanalar payda etiwge, awıldın’ o’ndiris ha’m sotsiallıq infrastrukturasın rawajlandırıwg’a, awıl xalqının’ turmıs da’rejesin asırıwg’a qaratılıwı kerek.

## Paydalanılg’an a’debiyatlar


1. İ.A. Karimov «Mamlakatimiz taraqqietining qonuniy asoslarini mustahkamlash faoliyatimiz mezoni bwlishi darkor». Xalq swzi gazetasi. № 39 (3838)-soni. 25 fevral, 2006 yil.
2. İ.A. Karimov «Erishilgan yutuqlarni mustahkamlab, yangi marralar sari izchil harakat qilishimiz lozim». Toshkent oqshomi gazetasi, № 29 (10.5896)-son. 13 fevral 2006 yil.
3. İ.A. Karimov «Bizning bosh maqsadimiz-jamiyatni demokratiyalashtirish va yangilash mamlakatni modernizatsiya va isloh etishdir». Xalq swzi gazetasi. 2005 yil 29 yanvar, 20 (3565) – sonli gazeta.
4. Polyak G.B. «Finansı byudjetnıx organizatsiy» - M.: Vuzovskiy uchebnik. 2006 g.
5. Bekmurodov L.Sh. va boshqalar. «Wzbekiston iqtisodietini liberallashtirish yillarida» 1.2.3.4.5.-qismlar. 2006 y.
6. Kotov V.A., Turdiev S.K. «Mahalliy iqtisodietini tartibga solish». – T.: 2004 y.
7. Vahobov L., Sirojiddinov Z. «Wzbekiston Respublikasi byudjet tizimi» Toshkent. 2002 y.
8. Yandiev M.İ. «Finansı regionov» M. Finansı i statistika, 2002 y.
9. Jumaev N., Burxanov U. «Moliyaning dolzarb muammolari». T. Yangi asr avlodi, 2003 y.